

Ki egzijans ki genyen pou kesyon kenbe rejis la?

Ou dwe kenbe yon rejis chak jou pou prezans, pou kantite repa ou sèvi, meni yo ak kantite manje ou prepare, ansanm ak resi pou aliman ou achte yo. An jeneral, w ap kenbe aplikasyon yo pou verifikasyon kalifikasyon ki baze sou revni.

Kilè mwen dwe aplike?

Lè ou jwenn apwobasyon pou fè pwogram gadri a fonksyone epi pou ou kòmanse enskri patisipan yo. Yo aksepte aplikasyon yo nenpòt lè.

Kijan pou mwen aplike?

Ale sou <https://pns.health.ny.gov/> oswa kontakte CACFP nan **1-800-942-3858** pou mande yon aplikasyon. Yon manm pèsònèl ap jwenn enfòmasyon pou yo sèten pwogram ou an kalifye. Yo ap voye yon aplikasyon pèsonalize ba ou nan kourye lapòs pou ou ranpli.



CACFP

Child and Adult Care Food Program
New York State Department of Health

150 Broadway, Room 600
Albany, NY 12204
1-800-942-3858 (nan New York sèlman)
(518) 402-7251
Faks (518) 402-7252
cacfp@health.ny.gov
health.ny.gov/CACFP

Enstitisyon sa a bay tout
moun menm posiblite.

Suiv nou sou:
health.ny.gov
facebook.com/NYSDOH
twitter.com/HealthNYGov
youtube.com/NYSDOH



Department
of Health

Nitrisyon Se Bon Bagay



Sant ou an kapab kalifye pou
resevwa pèman pou repa ak
kolasyon ou ap bay yo.

CACFP

Child and Adult Care Food Program
New York State Department of Health



Pwogram Gadri Alimantè pou Timoun ak Granmoun

Èske ou gen yon gadri, yon pwogram apre lekòl, yon chèlètè pou ijans oswa yon pwogram gadri lajounen pou granmou? Ou bezwen èd pou sèvi repa ki bon pou sante?

Pwogram Gadri Alimantè pou Timoun ak Granmoun Depatman Sante Eta New York (CACFP) peye pou repa ak kolasyon yo sèvi timoun ki gen jiska 13 lane (jiska 19 lane pou kèk pwogram) ak granmoun ki enskri nan gadri. Pifò pwogram yo kalifye – soti nan sant gadri pou timoun ki piti rive nan gwo òganizasyon sèvis kominotè.



Ki avantaj CACFP ofri?

Yo bay ranbousman chak mwa pou repa ak/oswa kolasyon yo sèvi patisipan nan gadri lajounen yo. Gen espesyalis nan kesyon rejim alimantè, kontab ak lòt manm pèsonèl CACFP ki anrejistre, ki ap ede ou planifye repa ki bon pou sante epi respekte egzijans pwogram nan.

Ki kantite ranbousman mwen ap resevwa?

Yo detèmine montan ranbousman an selon kalite repa yo sèvi a. Epitou, sant ki sèvi fwaye ki pa gen anpil revni yo resevwa plis ranbousman.

Ki egzijans ki genyen pou repa yo?

- **Dejene** a dwe gen lèt, yon legim oswa fwi, epi yon sereyal oswa pen. Ou kapab sèvi yon vyann oswa yon ranplasman pou vyann nan plas sereyal oswa pen jiska twa (3) fwa pa semèn.
- **Manje Midi** ak **Soupe** dwe gen lèt, pen oswa sereyal, vyann oswa ranplasman pou vyann, de (2) legim oswa yon legim ak yon fwi.
- Yon **Kolasyon** dwe gen de (2) nan bagay ki vin apre yo: lèt, vyann oswa ranplasman pou vyann, pen oswa sereyal, yon legim oswa yon fwi.

Ki kalite pwogram ki kalifye?

- Sant gadri timoun ki gen lisans ki ap sèvi timoun ki gen 12 lane oswa pi piti oswa timoun ki migran ki gen 15 lane epi ki pi jèn.
- Pwogram apre lekòl ki ap sèvi timoun ki gen jiska 13 lane. Pwogram yo dwe gen lisans/anrejistre oswa yo dwe gen egzansyon pou kesyon lisans/anrejistreman.
- Pwogram apre lekòl pou adolesan ki gen plis pase 12 lane yo kalifye si yo sitye nan zòn ki pa gen anpil revni.
- Pwogram gadri lajounen pou granmoun ki ap sèvi patisipan ki gen pwoblèm defisyans fonksyonèl oswa granmoun ki gen 60 lane ak pi gran. Pwogram gadri lajounen pou granmoun yo dwe jwenn apwobasyon nan menm yon ajans Eta oswa lokal pou yo fonksyone.
- Chèlètè pou ijans ki ap sèvi timoun ki gen jiska 19 lane ki ap viv ak yon paran oswa responsab legal. Chèlètè yo dwe jwenn apwobasyon nan menm yon ajans Eta oswa lokal pou yo fonksyone.

Òganizasyon ki kalifye yo se sa ki te jwenn estati egzansyon taks fiskal yo (an jeneral 501(c)(3)) Internal Revenue Service la, lekòl piblik yo ak lòt antite nan administrasyon leta.

Òganizasyon ki la pou fè pwofi yo kalifye si omwen 25% nan patisipan yo gen revni ki fèb.